



Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE 8 MILYON DOLA POU FÈ AVANSE BILDING POU
PLIZYÈ FANMI ZEWÒ KABÒN YO**

***Nèf pwojè nan Konpetisyon Bilding Ekselans lan fè avanse nouvo solisyon
konstriksyon replikab ak renovasyon ki fèb an kabòn pou bilding pou plizyè fanmi
yo***

***Yo te anonse tou finansman pou konsepsyon ki nan premye faz yo pou sipòte
entegrasyon solisyon ki gen fèb emisyon kabòn depi nan kòmansman
konsepsyon an***

***Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou
diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85% disi 2050***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te bay 8 milyon dola pou nèf pwojè atravè Faz Kat Konpetisyon Bilding Ekselans 58 milyon dola a, ki vize fè avanse bilding pou plizyè fanmi zewò kabòn nan New York. Anplis de prim sa yo pou pwojè demonstrasyon yo, Gouvènè Hochul te anonse 2 milyon dola pou sipò konsepsyon ki nan premye faz yo pou ede asire solisyon fèb emisyon kabòn ki pi rantab la entegre nan pwojè yo depi nan kòmansman konsepsyon an. Konpetisyon an entregal pou akselere pwogrès Eta a nan direksyon objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) (Lwa sou Klima) pou diminye emisyon gaz efè sè a 85 pousan disi 2050 ak objektif Gouvènè a pou devlope de milyon kay ki favorab pou klima.

"New York ap kontinye trase wout la nan founi devlopman lojman ki pwòp, san danje ak abòdab," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè yo akòde jodi a ajoute nan yon pòtfèy nan tout eta a ki bay yon modèl esansyèl pou pwopriyetè bilding yo swiv pou diminye anprint kabòn yo."

Anons jodi a te fèt pandan yon seremoni prim ki te fèt nan Sant pou Achitekti branch American Institute of Architects New York (AIA NY) nan Vil New York. Lanse an 2019, konpetisyon sa a inik nan Etazini epi se Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ki administre li pou bay ankourajman finansye ak rekonesans pou konsepsyon, konstriksyon, ak operasyon bilding ki emèt kabòn ki fèb oswa zewò. Konpetisyon an

priorize lojman ak enèji abòdab, sipòte objektif Lwa sou Klima a pou asire ke omwen 35 pousan, ak yon objektif 40 pousan, nan benefis envestisman enèji pwòp yo sipòte kominote defavorize yo. Avèk prim sa yo, NYSERDA te akòde yon total 65 nouvo konstriksyon ak renovasyon dènve kri atravè Konpetisyon an, epi plis pase de tyè nan nouvo bilding konstriksyon wot pèfòmans yo sèvi mache lojman nan pri ki abòdab avèk 37 ki sitiye nan kominote defavorize yo.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Adrese emisyon kabòn danjere nan sektè bilding nou an se yon poto fondamantal nan pwogram klimatik nasyonal Gouvènè Hochul la. Pwojè gayan sa yo demontre pwogrè fòmidad nan konsepsyon bilding ki gen kabòn fèb ki tabli yon nouvo estanda pou konstriksyon ak operasyon ki respekte anviwònman an. Nan travay avèk patnè endistri nou yo pou devlope solisyon ak kosepsyon kle, sa ap mete nou nan yon pa pi pre pou reyalize objektif enèji pwòp eta a epi nou felisite tout gayan jodi a yo pou pwojè egzemplè yo".

Yo te egzije aplikan yo nan konpetisyon an pou yo demontre konsepsyon ki rantab, ki gen fèb emisyon kabòn oswa ki net an kabòn ki pwofitab pou devlopè yo, ki ofri revni ak depans previzib, epi ki bay yon avantaj konpetitif pandan y ap kreye an menm tan yon espas konfòtab, an sante, ak abòdab pou okipan bilding yo. Pwojè gayan yo gen obligasyon tou pou yo bay done konplè sou konsepsyon, konstriksyon ak depans ki ka analize ak pataje pou ogmante kantite bilding ki emèt degajman kabòn fèb oswa zewo degajman kabòn nan Eta New York.

Pwen esansyèl nan pwojè demonstrasyon ki jwenn prim gen ladan yo jodi a:

1. **Lojman Abòdab:** Uti nan nèf bilding ki pral konstwi yo pral sèvi kliyan ki gen revni ki ba a modere; sèt nan nèf pwojè ki jwenn prim yo pral sèvi kominote defavorize yo.
2. **Zewo Emisyon/Pare pou Kabòn Net:** 100 pousan pwojè yo se zewo emisyon epi pare pou net an kabòn, sa vle di yo trè efikas avèk san okenn itilizasyon konbisyon gaz fosil sou sit pou operasyon chak jou yo;
3. **Estanda Kay Pasif:** Tout pwojè yo angaje pou yo se estanda Kay Pasif (Passive House), sa vle di konsepsyon ak konstriksyon an pral fèt nan estanda ki trè efikas nan enèji, pandan l ap atenn gwo nivo konfò, sante ak rezistans pou okipan yo nan bilding lan.
4. **Enklizyon Enèji Solè:** Sèt pwojè enkòpore pwodiksyon enèji solè, kote youn gen ladan estokaj enèji.

Gayan Katriyèm Faz Bilding Ekselans yo se:

Rejyon Kapital: 1 milyon dola

1. **Livingston Apartments Faz II, 317 Northern Boulevard, Albany, NY *****
Kalite Bilding: Rezidansyèl ki gen revni ba rive modere
Estanda: Konsevwa pou satisfè estanda Kay Pasif
Devlopè: Soldier On and Winn Development
Konseptè a: SWBR

Mid-Hudson: 124,000 dola

1. **North Miller Passive II, 193 North Miller Street, Newburgh, NY***
Kalite Bilding: Rezidansyèl ki gen revni ba rive modere
Estanda: Konsevwa pou satisfè estanda Kay Pasif
Devlopè: Stephen Taya Property Development
Konseptè a: Northeast Projects

Vil New York: 6.9 milyon dola (sèt pwojè)

1. **247 E. 117th Street, New York, NY ***
Kalite Bilding: Rezidansyèl nan tarif mache
Estanda: Konsevwa pou satisfè estanda Kay Pasif
Devlopè: 247 E 117th Street LLC
Konseptè a: AOSM Architecture, DPC
2. **819 Grand, 819 Grand Street, New York, NY ***
Kalite Bilding: Itilizasyon melanje komèsyal ak rezidansyèl ki gen revni fèb rive modere
Estanda: Konsevwa pou satisfè estanda Kay Pasif ak Konpayi Kominote Vèt yo
Devlopè: St Nicks Alliance
Konseptè a: Curtis + Ginsberg
3. **Arverne East – Bilding D, 116 Beach 26th Street, Queens, NY ***
Kalite Bilding: Itilizasyon melanje komèsyal ak rezidansyèl ki gen revni fèb rive modere
Estanda: Konsevwa pou satisfè estanda Kay Pasif ak Konpayi Kominote Vèt yo
Devlopè: L&M Development Partners
Konseptè a: FXCollaborative Architects LLP
4. **The Beacon, 413 East 120th Street, New York, NY ***
Kalite Bilding: Rezidansyèl ki gen revni ba rive modere
Estanda: Konsevwa pou satisfè estanda Kay Pasif ak Konpayi Kominote Vèt yo
Devlopè: The Community Builders Inc ak Ascendant Neighborhood Development Corp.
Konseptè a: Paul A Castrucci Architects
5. **Carmen Villegas Apartments (CVA), 101 E. 110th Street, New York, NY *****
Kalite Bilding: Itilizasyon melanje komèsyal ak rezidansyèl pou moun ki gen revni fèb rive modere
Estanda: Konsevwa pou satisfè estanda Kay Pasif ak Konpayi Kominote Vèt yo
Devlopè: Ascendant Neighborhood Development Corp., Urban Builders

Collective ak Xylem Projects

Konseptè a: Magnusson Architecture and Planning (MAP)

6. **Malcolm Shabazz Harlem Plaza, 52 W. 116th Steet, New York, NY ****

Kalite Bilding: Itilizasyon melanje komèsyal ak rezidansyèl ki gen revni fèb rive modere

Estanda: Konsevwa pou satisfè estanda Kay Pasif ak Konpayi Kominote Vèt yo

Devlopè: Malcolm Shabazz Development Corporation

Konseptè a: Ettinger Engineering Associates

7. **Three Arts, 340 West 85th Street, New York, NY ****

Kalite Bilding: Rezidansyèl ki gen revni ba rive modere

Estanda: Konsevwa pou satisfè estanda Kay Pasif ak Konpayi Kominote Vèt yo

Devlopè: West Side Federation for Senior and Supportive Housing

Konseptè a: Curtis + Ginsberg Architects

* Pwojè a se gayan BOE ki sitiye nan yon kominote defavorize (disadvantaged community, DAC).

** Pwojè a se yon gayan BOE ak riban ble pou gayan Ekselans nan Konsepsyon an.

*** Pwojè a se yon BOE ak riban ble pou gayan nan Konsepsyon an pandan l sitiye nan yon DAC.

Pou jwenn yon lis konplè tout pwojè Bilding Ekselans yo bay prim yo, tanpri vizite [sit entènèt](#) NYSERDA a.

Anplis de sa, finansman yo te bay jodi a kòm yon pati global nan eleman Sipò pou Konsepsyon Bonè 2 milyon dola bay asistans teknik enpòtan sou yon baz pwojè pa pwojè pou konpayi yo avanse konsepsyon bilding pou plizyè fanmi yo pou yo ka satisfè oswa depase egzijans kòd nan lavni, atenn gwo pèfòmans, epi maksimize sante ak konfò lokatè yo.

Pwojè Sipò Konsepsyon nan Premye Faz yo se:

Vil New York

1. CVA+Casita****: Magnusson Architecture & Planning PC - New York, NY
2. Three Arts****: Curtis + Ginsberg Architects - New York, NY
3. Shore Hill Development ****: Curtis + Ginsberg Architects - Brooklyn, NY
4. The Beacon****: Paul A. Castrucci Architects - New York, NY
5. Sol on Park: Magnusson Architecture & Planning PC - New York, NY

Distri Kapital

1. 1818 Fifth Ave Passive House****: Media Alliance, Inc., Troy, New York -
2. The Lafayette****: Sustainable Comfort Inc. – Schenectady, NY

New York Santral

1. Syracuse Bread Factory: Taitem Engineering - Syracuse, NY

Mohawk Valley

1. Bank Lofts: River Architects – Richfield Springs, NY
2. EcoFlats at Log City****: Black Mountain Architecture - Amsterdam, NY

Southern Tier

1. Inlet Island: Sustainable Comfort Inc. – Ithaca, NY

**** Pwojè a se yon benefisyè pwojè demonstrasyon Bilding Ekselans aktyèl oswa anvan tou.

Tout pwojè Sipò Konsepsyon nan Premye Faz yo ki sitiye nan Vil New York ak Southern Tier ofri lojman pou moun ki gen revni ba rive modere (Low to Moderate Income, LMI) alòske rès pwojè yo ofri lojman nan to mache.

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik Eta New York la Rory M. Christian, te deklare, "Redwi emisyon kabòn apati pak imobilye nou an se yon eleman enpòtan nan inisyativ nou an pou kreye yon ekonomi pwòp. Mèsi a tout patnè nou yo nan pwogram sa a pou yon travay ki byen fèt."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Atravè konpeisyon Bilding Ekselans lan, Eta a ap ede konstwi yon avni ki pi pwòp, ki pi vèt pou tout Nouyòkè yo. Nèf pwojè yo bay sa yo montre devouman nou an pou kreyasyon bilding zewo kabòn pou plizyè fanmi nan kominote atravè Eta a ak angajman nou pou atenn objektif klimatik anbisyè nou yo ki endike nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a. Mèsi Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou lidèchip yo pandan New York ap kontinye etabli estanda pou devlopman ki responsab pou anviwònman an, sa ki pwouve ke dirabilite ak pri abòdab ka mache men nan men."

Senatè Eta a Kevin Parker te deklare, "Nou konnen ke bilding yo se youn nan pi gwo kontribitè nan emisyon gaz ki lakòz efè sè nan Eta New York. 4yèm Konpetisyon anyèl Bilding Ekselans NYSERDA a se yon egzanp sou fason nou ka reyalize objektif Lwa sou Klima nou yo, sitou nan kominote defavorize yo, atravè pwojè ki diminye emisyon nan bilding yo pandan y ap bay benefis pou Nouyòkè k ap viv nan yon lojman abòdab."

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Antanke yon defansè depi lontan pou lojman ki efikas nan enèji ak abòdab, mwen kontan wè ke yo te akòde yon lòt 8 milyon dola atravè katriyèm faz Konpetisyon Bilding Ekselans lan. Pwojè replikab, zewo emisyon ki rantab tankou sa yo enpòtan anpil pou ede Eta New York atenn objektif klima anbisyè nou yo."

Manm Asanble Deborah Glick te deklare, "New York kontinye alatèt nan bay sipò pou devlopman ki bon pou anviwònman an nan kreye sibvansyon konpetitif ki lye ak inovasyon. Moun k ap resevwa rekonpans yo ap demontre objektif Lwa sou Klima nou yo ka reyalize epi yo ankouraje devlopè yo investi nan pwojè ki konsantre sou lojman abòdab ak konsepsyon zewo kabòn. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Prezidan

NYSERDA Doreen Harris pou angajman solid yo pou diminye polisyon ak depandans nou sou konbistib fosil yo, epi travay pou atenn objektif klimatik nou yo."

Prezidan AIA NYS, Willy Zambrano, te deklare, "Konpetisyon Bildign Ekselans lan, ki ann amoni ak misyon AIANYS la, mete aksan sou wòl enpòtan inovasyon achitekti a nan diminye emisyon kabòn nan anviwònman ki bati a. Lè AIANYS pwomouvwa solisyon konsepsyon dirab, an patenarya ak NYSERDA, I ap avanse efò pou konbat chanjman klimatik pandan y ap adrese enperatif pou opsyon lojman enklizif atravè Eta New York."

Direktè Egzekitif AIA NY la, Jesse Lazar, te deklare, "AIA New York trè fyè dèske li te fè patenarya ansanm ak NYSERDA depi lansman pwogram Bilding Ekseleans li a, ki jwe yon wòl enpòtan anpil nan rann lojman net an kabòn, zewo emisyon aksesib atravè eta nou an. Bilding Ekselans lan dirèkteman adrese kèk nan pi gwo defi nou yo antanke yon kominote ki envesti anpil nan avni anviwònman ki bati nou an. Pwojè yo akòde nan Faz 4 yo se moun k ap fè chanjman sou plizyè nivo, yo ofri modèl ak solisyon konsepsyon ki ede gide nou nan direksyon pou yon lavi ki pi bon, k ap pase nan bilding ki pi an sante, ki pi abòdab ak plis fleksib."

FAIA, AIA National 2023-2025 Direktè Jeneral, 2021 AIA NYS Prezidan, Direktè Fondatè +LAB architect PLLC ak Assoc. Pwofesè, New York City College of Technology (CUNY), Illya Azaroff, te deklare, "Pwojè sa yo ke yo ekonèt ak bay prim atravè defi bilding ekselans yo se yon temwayaj efè pozitif nou ka genyen pou gide kominote nou yo nan yon pi bon avni. Lè nou fè avanse konsepsyon ki gen gwo pèfòmans, ki bon pou anviwònman an ki bati ekite, nou demontre ke nou kapab se chanjman nou vle wè nan mond lan si nou travay ansanm. Anplis de sa, pwojè sa yo enkòpore yon estrikti pou ekselans nan konsepsyon ki satisfè defi chanjman klimatik epi se karakteristik pwogram sa a".

Direktè Egzekitif Architectural League of New York, Jacob Moore, te deklare, "Yon lòt fwa ankò, pwogram Bilding Ekselans NYSERDA yo ap katalize, sipòte ak mete aksan sou pwojè konseptè ak devlopè ki angaje pou kreye yon avni ki pi rezistan ak fèb an kabòn pou Nouyòkè yo. Architectural League fyè pou l travay avèk NYSERDA pou fè kalite konsepsyon jeneral – ki enkli relasyon entegral nan katye yo; koneksyon solid ak resous kominotè yo, sou plas ak toupre; ak yon priyorite pou sante, konfò, ak plezi bote – yon pati ki esansyèl nan evalyason pwojè Bilding Ekselans yo."

Steven Winter Associates Direktè Passive House, Lois Arena, te deklare, "Pwojè Bilding Ekselans yo se premye nan kalite yo. Tout pwojè demonstrasyon yo akòde nan faz sa a te angaje nan sètifikasyon Passive House – yo ap bati kapasite teknik epi ankouraje adopsyon sou mache pi laj sètifikasyon Passive House nan Eta New York."

NYSERDA prevwa lanse senkyèm faz konpetisyon an nan mwa k ap vini yo pou pwopozisyon pwojè konsepsyon nan premye faz yo nan men devlopè yo ak ekip konsepsyon pa yo ki antre fonksyon ki net an kabòn nan faz anvan chema ak faz

chema yo, epi ki bay konstriksyon ak achèyman bilding pou plizyè fanmi egzanplè ki net an kabòn epi ki rantab.

Anons jodi a konplete investisman k ap kontinye New York pou modènize pak imobilye Eta a. Bilding yo se youn nan sous emisyon gaz a efè de sè nan Eta New York epi entegre efikasite enèji ak mezi elektrifikasyon yo nan bilding ki egziste yo pral redui polisyon kabòn ak ede vin genyen bilding ki pi sen ak konfòtab. Atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, plis pase 6.8 milya dola ap investi pou dekarbonize bilding yo pou atenn objektif Eta a ki gen ladan plis pase 150 milyon dola investisman NYSERDA nan nouvo konstriksyon, retilizasyon adaptatif, ak pwojè reyabilitasyon enteryè nan sektè bilding pou plizyè fanmi yo pou tou alafwa pwopriyete ki nan mache ak pwopriyete pou moun ki gen revni fèb ak modere.

Yo bay finansman pou pwogram sa a atravè Inisyativ pou Gaz a Efè Sè Eta a ak 6 milya dola Fon Enèji Pwòp la. W ap jwenn plis enfòmasyon sou Konpetisyon an ak sou finansman asosye sou [sitwèb NYSERDA](#).

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York (New York Cap-and-Invest, NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030. ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 40 milya dola nan 64 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)